

ISSN 0207 - 6551
5
2015
6+
Нур

# ТекIуэныгъэм и махуэ





*Макъ.* ***ТУХМАНОВ Д.***
*Пс.* ***ХАРИТОНОВ В.***

ТекIуэныгъэ – ар дэ сыту тлэжыжьа,
Хуэдэт мафIэ ужьыхам дэп хисхьажа.
Ди гъуэгуанэр, сабэ защIэурэ, лыгъейт, –
Дэ мы махуэр зэрытлъэкIкIэ къэдугъуейт.

*Ежьу:*
Ар, а ТекIуэныгъэр
ГынкIэрэ гъэнщIащ.
А гуфIэгъуэр
Нэээрыхъэ зэщIэтхъуащ.
Нэм гуфIэгъуэр
ГуфIэ нэпсу къыщIэжащ.
Махуэ дыгъэ!
ТекIуэныгъэ!
ТекIуэныгъэ!

Махуи жэщи жыр щагъавэ хьэкухэм дэж
Хэку нэбдзыпэ къыщехауэ ямыщIэж.
Махуи жэщи ебэнт зауэ шэчыгъуейм, –
Дэ мы махуэр зэрытлъэкIкIэ къэдугъуейт.

*Ежьу.*

Сэлам, дяна, къэкIуэжахэм куэд хэзащ…
ЛъапцIэрыщэу ажынт уэсэпсыр, гум жиIащ..
ТкIуащ иныкъуэр дэ Европэм, ЩIы хъурейм, –
ТфIэфIт мы махуэр зэрытлъэкIкIэ къэдугъуейм.

*Ежьу.*

*Адыгэбзэм иригъэтIэсащ*
***ДЖЭДГЪЭФ Борис***

# Мафlэ мыужьых

Хэку зауэшхуэм хэкlуэда зауэлlхэм къалэхэм, къуажэхэм фэеплъхэр щыхуагъэуващ. Ахэр Налшык къали щыпмыгъунущ. Абыхэм ящыщщ къалэ паркым ит «Мафlэ мыужьых» фэеплъыр. Ар абдеж щlагъэувам щхьэусыгъуэ иlэщ. Налшык хуит къыщащlыжым къалэ паркыр здэщыт щlыпlэм хуэзэу зауэ гуащlэ щекlуэкlауэ щытащ.

Зауэ нэужьым, 1946 гъэм, мыбдеж щыщlалъхьэжащ 128-рэ зауэлlхэм я къупщхьэлъапщхьэхэр. 1949 гъэм «Мафlэ мыужьых» фэеплъри ягъэуващ. Ар и lэдакъэщlэкlщ архитектор lэзэ Казанчев Павел.

Нобэ гранит плитам тетхащ сэлэт 88-м я цlэ-унэцlэхэр. Адрей 40-р, ди жагъуэ зэрыхъущи, хэтми ящlэркъым. 1965 гъэм щыщlэдзауэ Мафlэ мыужьыхри маблэ. Текlуэныгъэм и Махуэшхуэм а фэеплъым деж цlыху куэд щызэхуос, удэ гъэгъахэр тралъхьэ.

Махуэшхуэр хэlэтыкlауэ сыт щыгъуи ягъэлъапlэ 1965 гъэм щыщlэдзауэ. Мы махуэхэм митингхэр къалэхэм, къуажэхэм щекlуэкlащ. Псом хуэмыдэу икъукlэ зэщlэкъуарэ удихьэхыу Хэкум и лъэщагъыр уигъэлъагъуу парад инхэм яуфэбгъуат ди Хэкушхуэм и къалэлlыхъужьхэр: Москва, Санкт-Петербург, Севастополь, Минск, Тула, Волгоград, Новороссийск, нэгъуэщlхэри.

Хэкум и Текlуэныгъэр и фlыщlэщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ быдэм, ар и щыхьэтщ ди Хэкушхуэм цlыхубэм хуаlэ фlылъагъуныгъэ иным.

*КЪУЭДЗОКЪУЭ Фатимэ*





# Шы къарэ лъакъуищ

*(Къыкlэлъыкlуэр. Пэщlэдзэр 4-нэ къыдэкlыгъуэм итщ)*

Жэщибрэ махуиблкlэ Лlыгъур икlуар иныжьым напlэзыпlэм ижри кlэщlыхьащ. Iэбэри Сэтэней дахэр Лlыгъур и шыплlэм дихри, езым и шыплlэм дигъэтlысхьэжащ, Iэдакъэкlэ еуэри Лlыгъур ириудыхри игъэзэжащ.

Лlыгъур и шыр уанэгу нэщlу и шыпхъу нэхъыщlэм и пщlантlэм къыдыхьэжащ.

«Алыхь-Алыхь, Лlыгъур щыlэжкъым», – жаlэри пыхьащ. Гъуэгунапщlэм мэхауэ Iулъу къагъуэтыжри къашэжащ.

Лlыгъур къызэфlэувэжри, и къару зэрыгъуэтыжащ. «Умыкlуэ, япэм укъелами, иджы укъелынкъым», – жаlэу елъэlу щхьэкlэ къэмынэу, аргуэру шэсри ежьащ.

Япэрейм хуэдэу сэрейм щхьэдэхри Сэтэней дахэм деж щlыхьащ. Сэтэней дахэ къыщылъэтри:

– Алыхь-Алыхь, иджыри щхьэ къытебгъэза мыгъуэ! Япэм укъелами, иджы укъелынкъым, ущыlэжыххэу си гугъакъым. Щlэхыу гъази уи псэр хьыж, – жиlэри къытепыхьащ.

– Умыгъ, умыбжэ, Сэтэней дахэ, си псэр пытмэ, а иныжьым укъыlэщlэсхынщ. Ауэ иджы пщlэнур мыращ: абы и шы Къарэ лъакъуищым и лъэпкъ здэщыlэр, ар къыздришар къегъэlуатэ.

Ар унафэу зэхуащlри, Лlыгъур къыдэкlри зигъэпщкlужащ.

Иныжьыр къэсыжри, ефэн-ешхэну щытlысым, Сэтэней дахэр кlэрыхъыжьащ «Апхуэдизу бэлыхь уи шы Къарэ лъакъуищыр къыздипхар къызжеlэ», – жиlэри.

Иныжьыр дыхьэшхащ:

– А сэ слъэгъуа Лlыгъур ябгэр щlым и гъунэм щыlэ тенджыз тlуащlэм дыхьэнщи, нэжьгъущlыдзэм и шыбэр жэщищкlэ хуигъэхъунщ, итlанэ абы шы къарэ лъакъуиплl къритынщ, къэкlуэнщи сихьыжынщ жыпlэу, угугъэмэ, уделэщ! – жиlэри иныжьыр гъуэлъыжащ.

Иныжьыр зэрыжейуэ, Сэтэней псори Лlыгъур къыжриlэжащ.

– Атlэ уигу умыгъэныкъуэ. Сэ си псэр пытыжмэ, сымыгувэу сыкъыплъэlэсынщ, – жиlэри Лlыгъур ежьащ.

Лlыгъур кlуэм-лъейуэ зы губгъуэшхуэ гуэрым ихьауэ плъэри илъэгъуащ, бгъэ фlыцlэжь ин гуэрым бгъащхъуэ цlыкlу къихуу. Бгъащхъуэ цlыкlум лъэныкъуэкlэ зыщlидзэрт, ауэ lэщlэкlын лъэмыкlыу щилъагъум, Лlыгъур и сагъындакъыр зыпщlэхихри еуэри бгъэ фlыцlэжьыр къригъэхуэхащ. Бгъащхъуэ цlыкlур щхьэхуит щыхъужым, къыщхьэщыхьэри къыжриlащ:

– Берычэт бесын, си псэр къебгъэлащи, зы махуэ-зы махуэкlэ сэбэп сыпхуэхъужынщ.

– Уэ къысхуэпщlэжын щыlэкъым, укъыlэщlэкlащи, дэгъуэщ, – жиlэри Лlыгъур блэкlри ежьэжащ.

Ауэрэ кlуэурэ, тенджыз lуфэм нэсауэ, зы аргъеижь гуэр топъкъуным ныджэм къытридзэри къытенауэ, пlэтlауэу телъу илъэгъуащ. Лlыгъур бгъэдыхьэри «Е тхьэмыщкlэ, сыту бэлы-



хьышхуэ птелъ», – жиlэри тенджызым хидзэжащ. Аргъейм псыр щигъуэтыжым, зыкъигъэзэри къыжфиlащ:

– Берычэт бесын, си псэр къебгъэлащи, зы махуэ-зы махуэкlэ сэбэп сыпхуэхъужынщ.

– Уэ къысхуэпщlэжыни щыlэкъым, псыр бгъуэтыжамэ, хэс, – жиlэри Лlыгъур абыикl блэкlри ежьэжащ.

Еуэм-кlуэм, тенджыз lуфэм декlуэкlыурэ, къуэкlий зэв гуэрым зы дыгъужь дэхуауэ къыдэмыкlыжыфу хуэзащ. Дыгъужьыр мэжалlэ лlэуэ, къаруунша хъуауэ, къуэкlийм зыкъыдридзеймэ, ехуэхыжу, псыи хуалlэу къыщlэкlынт – и пэр хым хишиеу, хыпс шыугъэм емыфэфу къыхихыжу, тхьэмыщкlагъэшхуэр телът.

«Дыгъужь пэтми, псэущхьэщ», – жиlэри Лlыгъур къамышы тlуащlэр хуишийри, дыгъужьыр къыдишыжащ.

Итlанэ дыгъужьыр къэпсалъэри:

– Берычэт бесын, лlы цlыкlу, щхьэхуит сыкъэпщlыжащ. Уэ къысхуэпщlар зы махуэ-зы махуэкlэ пхуэсщlэжынщ.

– Уэ къысхуэпщlэжын щыlэкъым, щхьэхуит ухъужамэ, уи щхьэ гъэныкъуэ егъэзыж, – жиlащ Лlыгъур.



Ар зэрыкlуэм хуэдэурэ мащlэрэ кlуа, куэдрэ кlуа, сытми тенджыз тlуащlэм нэсри нэжьгъущlыдзэр къигъуэтащ.

Нэжьгъущlыдзэр и шым яхэплъэу, и быдзитlыр и щlыбымкlэ къыщхьэпрыдзауэ, щыст. Лlыгъур зыкъримыгъащlэурэ екlуалlэри, занщlэу зыщlидзэри и быдзым ефащ.

Къыщылъэтри нэжьгъущlыдзэм жиlащ:

– Еl, си нитlу уэ узымылъэгъуар хьэфиз ухъуи! Си тхьэкlумитlу узыхэзымыхар дэгу ухъуи! Нэхъапэ услъэгъуам, узыlурыдзэнт. Си быдзышэр пlухуащ, lэмал иlэжкъым, сыт ухуей?

– Сурихьэщlэщ, сыпхуэплъырыну, уишхэм щыщ къыпlысхыну сыкъэкlуат, – жиlащ Лlыгъур.

– Атlэ дэгъуэщ: жэщищкlэ сишхэр умыгъэкlуэду усхуэплъырмэ, уэстынщ. Ауэ шыхэр бгъэкlуэдмэ, усшхынщ.

Абыкlэ зэгурыlуэри, Лlыгъур плъырыну жэщым шыхэм пэрыуващ. Сакъыу жэщ ныкъуэ хъухукlэ плъырауэ, жейр къытеуэри, lэмал хуимыгъуэтыжу жеящ. Нэхущым нэблэгъауэ къызэщыужри, шыхэр щытыжтэкъым. «Еl, лей къысщыщlащ!» – жиlэри шыхэр къилъыхъуэжыну щlэпхъуащ. Гуэзэвгъуэм хэту къыздижыхьым, дыгъужьыр къыхуэзащ:

– Сыт угузавэу къыщlэбжыхьыр?

– Нэжьгъущlыдзэм сыхуэплъырыну сыувати, шыхэр сфlэкlуэдащ. Сымыгъуэтыжмэ, сишхынущ.

– Нэжьгъущlыдзэм ишхэр модэ мэзым хыхьауэ слъэгъуащ, сэ иджыпсту къэсхулlэжынщ, – жиlэри дыгъужьыр мэзым хэлъэдащ. Напlэзыпlэм къызэщlиугъуаери шыбэр кърихужащ.

– Къыскуэпщlар пхуэсщlэжащ, – жиlэри дыгъужьыр мэзым хыхьэжащ.

Пщэдджыжьым «ей-уий» жиlэу Лlыгъур пэрыту, нэжьгъущlыдзэр къэсащ, фитоным ису.

– Афэрым, щlалэфl, фlыуэ уплъыращ. Ар зы жэщти кlуащ, жэщитl къэнам умыбэлэрыгъ, – жиlащ.



Етӏуанэ жэщыр къэсри, Лӏыгъур аргуэру плъырын щӏидзащ. Япэ жэщым хуэдэ къабзэу, жэщыбг щыхъум, жейр къытеуэри, жеящ. Къэушыжри шыбэр игъуэтыжакъым. Аргуэру гузавэу щӏэпхъуауэ шым лъыхъуэу къыздижыхьым, аргъеижьыр тенджыз Ӏуфэм къесылӏауэ хуэзащ:

– Дэнэ ужэрэ апхуэдизу угузавэу?

– Сэ нэжьгъущӏыдзэм и шым сриплъыру сыпэрытти, сыжейри сфӏэкӏуэдащ, сымыгъуэтыжмэ, сишхынущ, – жриӏащ.

– Абы и шыбэр, мыдэ, тенджызым хыхьауэ слъэгъуащи, къыхэсхужынщ, – жиӏэри аргъейр тенджызым хыхьэжащ.

Куэд дэмыкӏыу шыбэр къыхихужри къритыжащ:

– Къысхуэпщӏар пхуэсщӏэжащ, уи Ӏуэху фӏы ирикӏуэ, – жиӏэри аргъейм псым зыщӏигъауэри кӏуэдыжащ.

Нэху щыри, аргуэру къэсащ нэжьгъущӏыдзэр, фитоным ису. Шыхэр къиплъыхьри Лӏыгъур къеӏкӏуэлӏэжащ.

– Афэрым, щӏалэфӏ, дэгъуэ гуэру уплъыращ. Ар жэщитӏщи кӏуащ, ещанэм умыбэлэрыгъ, – жиӏэри Ӏукӏыжащ.

Ещанэ жэщыр къэсри, Лӏыгъур аргуэру жейр къытеуэри жеящ. Ар зэрыжейуэ нэжьгъущӏыдзэр къэсри шыбэм къахыхьэри, яхуэхъущӏащ:

– Дэнэ фыкӏуэми зыфхуэгъэпщкӏуркъым, ныжэбэ уафэм фыдэкӏуей, – жиӏэри шыбэр уафэм дрихуейри, езыр кӏуэжащ.

Лӏыгъур къэушри – шыбэр щыӏэжтэкъым. «Жэщитӏым сыкъелат, ауэ ныжэбэ хъунщ сызытекӏуэдэжынур», – жиӏэри и шым зридэри лъыхъуакӏуэ кӏуэуэ щӏэпхъуащ. Зыкъомрэ къижыхьауэ, бгъэжьым къыӏэщӏигъэкӏыжа бгъащхъуэ цӏыкӏум хуэзащ.

– Сыт апхуэдизу узыхуэгузавэр? – жиӏэри бгъащхъуэр къеупщӏащ.

– Нэжьгъущӏыдзэм и шыбэр згъэхъурти, сфӏэкӏуэдащ, къэзмыгъуэтыжмэ, сишхынущи, аращ сыщӏэгузавэр, – жиӏащ Лӏыгъур.

– Абы и шыбэр, мыдэ, уафэм ныдэкӏуейуэ слъэгъуащи, сэ къесхухыжынщ, – жиӏэри пшэм хыхьэжащ.

Кӏэщӏ дыдэу бгъащхъуэ цӏыкӏур къэсыжащ, шыбэр япэм иту уафэм кърихухыжри.

– Арати, къысхуэпщӏар пхуэсщӏэжащ, дяпэкӏэ уи Ӏуэху фӏы ирикӏуэ, – жиӏэри лъэтэжащ.

Шыхэр уафэм къызэрехыжу, зы шыбзыжь лъхуэри шыщӏэ цӏыкӏу къилъхуащ. Шыщӏэ цӏыкӏур и анэм елъэщ-къелъэри щӏэфу бгъэдэувэжауэ, зы дыгъужьыжь къэсащ. Лӏыгъур хьэзырыххэти, еуэри иукӏащ.

Ауэрэ, нэху щыри, фитоным ису нэжьгъущӏыдзэр къэсащ. Шыбэр къиплъыхьщ-ниплъыхьри, къыбгъэдыхьэжри жиӏащ:

– Афэрым, щӏалэфӏ, уи къалэныр бгъэзэщӏащ. Иджы хэплъыхьи уи нэ къыфӏэнэр къыхэх.

*Къыкӏэлъыкӏуэнущ*

# ЩIэблэ



**ХЪЫБИЙ *Даринэ*** Тэрч къалэ дэт Лицей 1-нэм фIы дыдэу щоджэ, уэрэд дахэу жыIэным, усэ къеджэным дэхьэх, фащэр фIэфIти, къафэу зригъэсащ.



**IЭБЫДЭ *Къантемыр*** Къармэхьэблэ сабий садым и гъэсэнщ, адыгэ фащэр фIыуэ елъагъу, дахэу къофэ.





**ДУМЭН *Ислъам*** Къармэхьэблэ сабий садым и гъэсэнщ, усэ гъэхуэуа къоджэф, хъуэхъу куэд ещIэ, адыгэ къафэм дехьэх.

**ДЖЫРАНДОКЪУЭ *Алинэ*** Тэрч «Таурыхъ» сабий садым и гъэсэнщ, сурэт щIыным дехьэх, уэрэд жиIэну, къэфэну фIэфIщ, гъэхуауэ усэ къоджэ.





**КЪАНКЪУЭЩ *Элладэ*** Тэрч къалэ дэт Лицей 1-нэм фIы дыдэу щоджэ. Художественнэ гимнастикэмкIэ ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьащ Налшыкрэ Владикавказрэ щекIуэкIа «Къурш пцIащхъуэхэр», «Бгырыс хъыджэбз» зэпеуэхэм.






# Адыгэ сабий джэгукIэ





– Си къаз плъэгъуа?
– Слъэгъуащ.
– Дэнэ кIуа?
– Абгъуэм исщ.
– Сыт къикIэцIыр?
– ДжэдыкIэ.
– Хэт ишх?
– Мэлыхъуэм.
– Сыт къыдит?
– Хъурыфэ.
– Хэт игъэтэдж?
– Тэджрей.
– Хэт ибз?
– Бзэрей.
– Хэт ид?
– Дэрей.
– Хэт щитIагъэ?
– Уи шыпхъум.
– Дэнэ укIуэ?
– ХьэщIапIэ.
– Сыт къраугъэшх?
– Щыхь куцIрэ фо цIынэрэ.
– Си Iыхьэр-щэ?
– Гъуанэм илъщ.
– Илъыжкъым.
– Дэнэ кIуа?
– Вындым ишхащ.
– Вындыр-щэ?
– Жыгым пысщ.
– Жыгыр-щэ?
– Уэщым иреупщIэ.
– Уэщыр-щэ?
– ПщIащэм хэлъщ.
– ПщIащэр-щэ?
– Лыгъэм ес.
– Лыгъэр-щэ?
– Псым егъэункIыфI.
– Псыр-щэ?
– Хьэм ирефэ.
– Хьэр-щэ?
– ЛIым щIыгъущ.
– ЛIыр-щэ?
– Мэкъу йоуэ.
– Мэкъур-щэ?
– Шхалъэм дэлъщ.
– Шхалъэр-щэ?
– Жэмым бгъэдэтщ.
– Жэмыр-щэ?
– ПIапIу къехь.
– ПIапIур-щэ?
– Джэдум ирефэ.
– Джэдур-щэ?
– Гъуанэм исщ.
– Гъуанэр-щэ?
– Уэ уисыжщ.

*Зытхыжар* ***МАФIЭДЗ Сэрэбийщ***





*ХЬЭТУ Пётр*

# ЗООПАРКЫМ

## ПЫЛ ШЫР

Тхьэкlумэшхуэщ, и пэр кlыхьщ,
Жыэдаlуэщ, мыкъиин,
Сыт къэкlыгъи фlэгурыхьщ,
Щlыми теткъым шыр нэхъ ин.

## ХЬЭIУЦЫДЗ ШЫР

Убгъэдыхьэм, зэуэ къаскlэу,
Хьэlуцыдзыр ещхьщ хьэмаскlэм,
Къыщолъэтыр, зикl мызагъэ,
Шынэ пфlэщlу, анэ къуагъым
Зыкъуегъэпщкlуэ, къыкъуокlыж,
Къупщхьэ щылъыр игу къокlыж,
Абы йогъур, игу икlау,
Ауэ банэркъым: «Кlау-кlау!..»



## ЩЫХЬ ШЫР

Зэкlэ псыгъуэхэщ и лъакъуэр,
Жыгым ещхьу теткъым бжьакъуэ,
Зэкlэ ахэр къытекlакъым,
Зэкlи и фэм хэкlыжакъым
Адкlэ-мыдкlэ тет lэпапlэр.
Кърегъэлlыхри щытщ и напlэр...
Ар иджыри щыхь шыр цlыкlущ,
Хуэпщlи хъунукъым емыкlу.

## ЗЕБРЭ ШЫЩlЭ

Шыщlэ цlыкlуу шы къуэлэныр
Имызагъэу хъарым исщ,
Игъэзащlэу и къалэныр,
Ар зыгъэшхэри кlэрысщ.
Къижыхьыну шыщlэм фlэфlщи,
Кърат псор фlэгурымыхьщ...
Шы «матросым», гугъэр lэфlщи,
Хы-губгъуэшхуэхэр и пщlыхьщ.



## ХЬЭРЭШКlЭ

Феплъыт, югъыlэ, хьэрэ шкlащlэм,
Зимытхьэщlу пфlощl игъащlэм.
Феплъ абы кlэрылъыр ятlэу!..
Фlэфlщ хэлъыну хьэршытlатlым.

*КIЭБЫШЭ Лилэ*

# И ЧЭЗУМ КЪЭБГЪУЭТА НЫБЖЬЭГЪУ

*Рассказ*

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм СулътIан и адэшхуэ-анэшхуэм я деж щыIэну, Iэщыр, джэдкъазыр игъэшхэну фIэфIт. Модрейхэри, «лIы хъунущ» жаIэу, щыгуфIыкIырт. Махуэ гуэрым СулътIан тыкуэным ягъэкIуат. Абы цIыхубз пшэр лъахъшэм щIалэ цIыкIу гуэр пщэпкъкIэ къыщрилъэфэкIырт: «Дапщэрэ бжесIа мыбы укъыщIэмыхьэну? Къытелъхьэ мыдэ къэпщтар!..» - жиIэурэ.

ЩIалэ цIыкIум: «Къэсщтакъым! Уэи, къэзмыщта!» – жиIэурэ зыкъыIэщIиудыну хэтт. Арщхьэкlэ, дэнэт!

ЩIалэ цIыкIур бэлэбанэт, гъурыбзэт. Ар фIэгуэныхь хъури: «Къищтар дапщэ?» – жиIэри СулътIан щIэупщIащ.

– Къищтакъым, къидыгъуащ!

– Уэи, къэзмыдыгъуа, пцIы боупсмэ!

– Мылицэ сыкъеджэнщ... Тумэнитхур къытелъхьэж!

– Сыт тумэнитху? Дэнэ сэ апхуэдиз къыздисхынур?

– Абы щхьэкIэ мылици укъемыджэ, тумэнитхум мыри щIигъуу узот, – жиIэри СулътIан тыкуэнтетым ахъшэ хуишиящ.

ЦIыхубзым, къэIэнкунами, зыри жимыIэу ахъшэр Iихащ.

– Апхуэдиз къэсщта сэ, нэпсеижь?! Мис, уи тумэныр узотыж, – жиIэри и гуфIакIэм ахъшэр къыдихащ.

– Уделэу ара, апхуэдиз абы щIептар сыт? – жеIэ щIалэ цIыкIум, тыкуэным къыщIэкIыжа нэужь. – Уэи, а тумэн закъуэм фIэкIа къэзмыщтат. А нэпсеижьым дапщэ ептми пIихынущ. Псоми лей яфIешх, къегъапцIэри, ехъуэм хуэдэу зэгуэтIэтIыжу абдеж щIэтщ... Сэ ар уэ зэи уэстыжыфынукъым.

– Ар къыпIысхыжынкъым, ауэ умыдыгъуэ. Ар хьэл Iейщ. ЦIыхуу укъалъытэнукъым. Абы и закъуэ, дыгъухэм я Iуэхур тутнакъщ.

– СощIэ. Ауэ сшхын, тутын уасэ симыIэмэ, нэгъуэщIу хъуркъым. Си адэм дыкъигъанэри ежьэжащ. Си анэр махуэ псом бэзэрым тетщ. Ауэ уи мыгугъэ си анэр Iейуэ. АнэфI дыдэщ. Сшхын къыс-хуегъанэ. Ауэ, пщIэрэ, си ныбжьэгъухэм къызэхуосри сфIашхыж.

– Сэ схуэдэ ныбжьэгъу уиIэну ухуейт?

– Хьы, уэ пхуэдэ ныбжьэгъуи?! Сэ къулейсызыр сызупэсыну? Сэ уз узоцIыху. Уэ къалэм ущалъхуащ, школми уокIуэ. Сэ езыр сыхэт? Е сышколакIуэкъым, е нэгъуэщIкъым...

– ЖумыIэ ахэр, псори дяпэкIэщ. Школым щхьэ умыкIуэрэ-тIэ?

– Еджэну хуейкъым, жари сыкъыщIадзыжащ. Иджы зыри къолIэлIэнукъым: уеджэнумэ, еджэ, уемыджэнумэ, зегъэхь...

– Балигъым хуэдэу къыбгуроIуэри, ари хъарзынэщ.

– Уэи, сэ сымыделэ... Уэрамым сыкъыщытэджами, сымы-делэ. Ауэ а хьэрэмышхыжьым апхуэдиз ахъшэ зэрептар си псэм къыщIетхъ... СобампIэ... Уэи, Iэмал зэрызгъуэтуи къы-фIэздыгъужынмэ. Аращ абы хуэфащэр.

– Хьэрэм зышххэм яхуэфащэр нэгъуэщIщ... Абы и уна-фэр нэхъыжьхэрщ зыщIын хуейр. Ауэ дыгъуэн Iуэхум уэ езыр ухэтынумэ, уэрэ сэрэ зэи ныбжьэгъу дызэхуэхъунукъым. Къэувыи абы егупсыс, – жиIэри СулътIан япэ ищащ.






Сультlан къыжриlар и жагъуэ хъуауэ, щlалэ цlыкlур къэувыlэри егупсысащ: «Ухуейти уэ иджыри къэс схэлъа хьэлхэр зыхэбгъэныну. Алхуэдэм сэ зэи ныбжьэгъу сыкъызэримыщlынур сщlэртэкъэ. Итlани сэ делэм си фlэщ хъури сыгуфlат. Ауэ, пэжу, апхуэдэ ныбжьэгъут сэ къэслъыхъуэр. Ар мыдрей «тутын къытхуэщэху, ахъшэ къытхуэгъуэт» жызыlэхэм, хъуанэхэм ящыщкъым. Гъэсащ, нэмысыфlэщ. Хъунщ, сыдыгъуэнкъым, жысlэнщи къэзгъэгугъэнщ. Адэкlэ зэрыхъу деплъынщ».

Мобы ищlэнум пэплъэурэ Сультlан кlуэрт. Ар хуейт абы ныбжьэгъу зыхуищlыну, зыгуэркlэ дэlэпыкъуну. «Ахъшэр къызэрызимытыжыфынур жиlащи, ари хъарзынэщ», – жиlэурэ я куэбжэм нэсыжыпауэ, щlалэ цlыкlур къэсри, «Сыарэзыщ»,– жиlащ.

Сультlан щlалэ цlыкlур и гъусэу пщlантlэм къыщыдыхьэжым, анэшхуэр къэуlэбжьауэ тlуми къеплъащ:

– Мыр сыт, Сультlан, къыдэбгъэдыгъуэну Хьэмыгу къэпшауэ ара? Зыри къэпщэхуакъыми, дауи, ахъшэр къыпlэщlигъэкlауэ къыщlэкlынщ!

– Хьэуэ, хьэуэ, нанэ. Дяпэкlэ апхуэдэ lуэху ар зэи хэтыжынукъым. Пэжкъэ? – жиlэри Сультlан щlалэ цlыкlум еплъащ. И щхьэр ехьэхауэ зытlэкlурэ щытри, «Пэжщ. Уэи, афlэкlа…» – жиlэри щlалэ цlыкlур къэгъащ.

– Сыт къэхъуар? А-а, мыр уэра, Хьэмыгу, щхьэ угърэ? Уэ иджы лlы ухъуащ. Щхьэ ущыт, щlалэ цlыкlухэр гъашхэ, ауэ япэщlыкlэ зегъэтхьэщl, – жиlэурэ дадэ къабгъэдыхьащ.

Залым (щlалэ цlыкlум и цlэ дыдэр арат) Сультlан и щыгъынхэм щыщ къратыжарэ дадэ екlуу и щхьэр хущlищауэ пщыхьэщхьэм унэм щыщlыхьэжам и анэр къеплъащ: «Мыр сыт, си щlалэ цlыкlу, мыпхуэдэу къыпхузупсар хэт? Ди Тхьэм сызэхихауэ ара?» – анэм гъыуэрэ и къуэм lэплlэ хуищlырт.

– Сэ сытым хуэдэу ныбжьэгъуфl къэзгъуэта уи гугъэрэ, мамэ!

– Пэжуи? Гугъуехьу слъэгъуар сщыбгъэгъупщэжаи…

Залым махуэ къэс Сультlанхэ я деж кlуэрт, lуэху гуэрхэри ядищlэрт. Апхуэдизкlэ щlалэ цlыкlуитlыр зэсати, сыт щыгъуи зэгъусэт. Зэгуэрым шхэуэ lэнэм здэщысым адэшхуэм жеlэ: «Гъащlэм нэхъыщхьэу гъуэгуанитl – lейрэ фlырэ – иlэщи, lеймкlэ укlуэмэ, узыхуэзэнур сыт? Абыкlэ ирикlуэхэри хэт?

– Адэ-анэм емыдаlуэр… – къригъэжьащ Сультlан.

– Уэ зыри жумыlэт, Сультlан. Къетыт уэ абы жэуап, Залым.

– Аркъафэхэр, мылажьэхэр, зэуэрейхэр, цlыхум зи зэран езыгъэкlхэр… lейр lэджи мэхъу. Хуэмыщlауэ псэухэм дэlэпыкъуфыну, ауэ дэмыlэпыкъуу нэпсейхэр, хьэрэмышххэр.

– Упсэуащэрэт уэ, гъащlэ тхьэм къуит! Уэлэхьи, тхьэм жиlэмэ, уэ цlыху къыпхэкlынкlэ. lейр зищlысыр псоми ящlэри фlымкlэ урикlуэмэ, уи щхьэри, уи адэ-анэри фlы хуэбгъэзэу аращи, абы щыгъуэм тыншу, пщlэрэ нэмысрэ къыпхуащlу упсэунщ…

Адэшхуэм гъуэгуанэ нэхъыфlымкlэ укlуэмэ – фlым, lеймкlэ – lейм ухуэзэну къэзэрыжриlар щlалэ цlыкlухэм зэи ящыгъупщакъым. Ящыгъупщакъым лlы хуэдэу дунейм утетыныр куэдкlэ зэрынэхъыфlыр.



# СУРЭТЫЩІ НЫБЖЬЫЩІЭХЭР



***БОГУНОВ Ярослав,*** Налшык, МОУ СОШ № 3-нэ, 4-нэ класс.



***ГЪУКIЭ Замирэ,*** Налшык, МОУ СОШ № 3-нэ, 4-нэ класс.



***Листопадов Михаил,*** Налшык, МОУ СОШ № 3, 4-нэ класс.



***ШЫГЪУШЭ Замирэ,*** Налшык, МОУ СОШ № 3-нэ, 4-нэ класс.



***Петриченкэ Сергей,*** Налшык, МОУ СОШ № 3-нэ, 4-нэ класс.

# Пцӏащхъуэ кӏэ дыкъуакъуэ



Пцӏащхъуэхэм щӏыпӏэ куэдым уащрохьэлӏэ. Ахэр лъэпкъыгъуищэм щӏегъу. Абыхэм я гъащӏэм и нэхъыбэр уэгум щахь. Гъуэ-бадзэ куэд зэрашхым къыхэкӏыу ахэр сэбэпу къалъытэ. Пцӏащхъуэхэр къыщылъэтэжыр апрелым и кӏэм е майм ипэ зэманырщ. Гъэщӏэгъуэныракъэ, илъэс къэс абгъуэ здащӏауэ щыта щӏыпӏэ дыдэм къагъэзэж. Дауэ къагъуэтыжыфрэ а гъуэгур? Телъыджэлажьэщ ар. Гъэщӏэгъуэнщ абыхэм абгъуэ зэращӏ щӏыкӏэр. Ар гугъуехьышхуэ пылъу яухуэ. Ятӏэм хьэуазэрэ щхьэцрэ хагъэзэрыхьри, ӏупскӏэ зэкӏэрагъэпщӏэж. Апхуэдизкӏэ псори зэхуэгъэкӏуауэ ящӏри, цӏыхум ищӏауэ фӏэкӏ пщӏэнукъым. Абгъуэр нэхъыбэу кӏэращӏыхь унэ щӏыхьэпӏэхэм, нэпкъхэм, нэгъуэщӏ щӏыпӏэхэми.

Зы пцӏащхъуэ унагъуэ къэс джэдыкӏэу 5 – 6 егъэтӏылъ. Къраша нэужь, шырхэр тхьэмахуищкӏэ исхэщ. Ахэр зэи я закъуэу къагъанэркъым. Иужькӏэ абгъуэм кърашри, шырхэм езыхэм я шхын къагъуэтыжыфу ирагъасэ.

Сентябрь мазэм гуп-гупурэ хуабэ щӏыпӏэ здэщыӏэм мэлъатэ.

Адыгэ ӏуэрыӏуатэм и гугъу куэдр щещӏ пцӏащхъуэ цӏыкӏум. Адыгэбзэм псалъафэу ущрохьэлӏэ «пцӏащхъуэ кӏэ дыкъуакъуэ, бгыкъум дыздегъалъэ» жиӏэу.

Адыгэ усакӏуэхэм, тхакӏуэхэм я тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ а бзу псынщӏэрылъатэр.

*АФӀЭУНЭ Лиуан*

## Пцӏащхъуэ

Пцӏащхъуэм и кӏэр дыкъуакъуэщ,
И фэр щӏакӏуэу фӏыцӏабзэщ,
И бгъэгу цӏыкӏур хужьыбзэщ,
Уа-рэ, уэ-ри-ра!
Бжэ къеуӏуи хэмыту,
Къытхуэгушхуэ зэпыту
Къыщӏолъатэ ди унэм,
Уа-рэ, уэ-ри-ра!
Къехыр ятӏэ, хьэуазэ,
Мазэ ныкъуэу блынджабэм
Щещӏ псэупӏэ-уналӏэ,
Уа-рэ, уэ-ри-ра!



## Пцӏащхъуэ

*(Ермэлы уэрэд цӏыкӏу)*

Пцӏащхъуэр мэбзэрабзэр,
Зэплъым щогуфӏыкӏ...
Пцӏащхъуэ цӏыкӏу псэ къабзэ,
Уэ ди хэку уимыкӏ,
Уи дамитӏым, мес,
Гъатхэри кӏэрысщ.

*Зэзыдзэкӏар **БЕЩТОКЪУЭ Хьэбасщ***

*Дэ къытхуатх*

# Анэ



Си анэ дыщэу, псом нэхъ лъапIэ,
Сэ уэ фIыуэ узолъагъу.
Уи бзэ дахэм, уи макъ щабэм,
Махуз псокIэ содэIуэф.
Псалъэ дахэ къыщызжепIэм,
ЗанщIэу дамэ сэ къыстокIэ,
Гугъуехь псоми собэкъуэф.
Уэ узинэщ, уэ узипсэщ,
Узитыгъэщ, мамэ, уэ.
Бын гуфIэгъуэри зыхэпщIэу,
Куэдрэ тхьэм утхуигъэпсэу!

***КЪУЭДЗОКЪУЭ Фаридэ,***
Бахъсэн къ.,илъэс 12 мэхъу.
ФIыуэ йоджэ, усэ тхыным дехьэх.

*Жанщэрхъ*

# ТеннисымкIэ лъэщхэр

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм стIолыщхьэ теннисымкIэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ Ставрополь щекIуэкIащ. Хъыджэбз цIыкIухэм Джэрыджэ Iэминэ, щIалэ цIыкIухэм Къардэн Тимур къапэлъэщын къахэкIакъым.

IэминэрэТимуррэ псоми ефIэкIащ тIурытIурэ щыджэгуами. Джэрыджэм дэщIыгъуащ Гуэбэшы Даянэ, Къардэным и гъусащ Къуэн Ислъам.

Джэрыджэ Iэминэ щытекIуащ Къуэныр и гъусэу щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щызэщIыгъу зэхьэзэхуэми.

Гуп зэпеуэми ди теннисистхэм зыри къапэлъэщакъым. Дыщэ медалхэр къахьащ Теунэ Элинэ, Шэмпар Каринэ, Бацэ Галинэ, Тембот Астемыр, Шэшэн Андемыр, Мыкъуэ Руслан сымэ.

Зэхьэзэхуэм абсолютнэ чемпионкэ щыхъуащ Джэрыджэ Iэминэ. Ар Налшык 2-нэ лицейм щоджэ, спортымкIэ мастерым и кандидатщ, илъэс 16 иримыкъуахэм я урысейпсо зэпеуэм (езыр илъэсищкIэ нэхъыщIэу) нэгъабэ Архангельск ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

***ЖЫЛАСЭ Заур***


*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№5 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б.ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А.АБАЗОВ**
**А.БИЦУЕВ**
**Х.КАРМОКОВ**

Художественный редактор
**Л.ПАРОЕВА**

Свидетельство о регистрации №
ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управления Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.04.2015 г.
Выход в свет
29.05.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3000
В розницу – цена свободная
Заказ № 48
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000,Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г.Нальчик, ул. Ленина,33

# Пасэрей къуажэхьхэр

# Псалъэзэблэдз





*Упщӏэхэр:*

1. Къаджэ-наджэ, вакӏуэ дэкӏым кӏэлъыджэ *(удод)*. 2. Мышухьэху, бадзэ хужь *(снег)*. 3. Зэпэщӏэсэ зэсылӏа *(дом)*. 4. Зи бын псори дзыгъуащэ *(кошка)*. 5. Зи кӏэ башу зи шэ ӏэфӏ *(буйволица)*. 6. Сабыныфэ, щӏыфэ щхъуантӏэ, кумбым ипкӏэ, къипкӏэтыж *(лягушка)*. 7. Ди нанэжь кӏэлъэфщ *(веник)*. 8. Къебэ-небэу джабэм дэпщ *(утка)*. 9. Унэм имыхьэу пыхьэу къэзыкӏухь *(волк)*. 10. Махуэм гъасэгу, жэщым гу нэщӏ *(кровать)*.

*Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ дамэ къуэлэн щӏыкӏуитӏ зытет хьэлӏацӏэ тъатэм и фӏэщыгъэцӏэм.*






